# ӘДЕБИЯТ САБАҒЫНДА ПРОЗАЛЫҚ ШЫҒАРМАЛАРДЫ ОҚЫТЫЎДА «АҚЛЫЙ ҲҮЖИМ», «ЗИГЗАГ» МЕТОДЛАРЫН ҚОЛЛАНЫЎ УСЫЛЛАРЫ

**Тобаназаров Азамат Пирназарович**
Өзбекстан Педагогика Илимлери Илимий-изертлеў институти ҚҚР филлиалының еркин излениўшиси (Өз ПИИИ ҚҚР филлиалы)
Azamat-15@umail.uz

**Аннотация**
Бул мақалада автор мектеплерде әдебият сабакларында қарақалпақ прозалық шығармаларды нәтийжели окытыўда «Ақлый ҳүжим» ҳәм «Зигзаг» сыяқлы интерактив методлардың қолланыў усыллары ҳәм өзиншелик тәреплери ҳаққында сөз етеди.

**Гилт сөзлер:**Әдебият сабағы, прозалық шығармалар, оқытыўдың интерактив методлары, нәтийжелилик.

Қарақалпақ әдебияты сабақларында нәтийжелилигин асырыўда дерлик көпшилик пәнлерди оқытыўда қоллынылатуғын, методика илими әмелиятда кеңнен ен жайған, ҳәттеки дәслепкилер қатарынан орын алған интерактив методлардың бири-бул **«Ақлый ҳүжим» методы** болып табылады. Бул методтың атамасы базы педагогикалық әдебиятларда «Пикирлер ҳүжими», «Мийға шабылыў» методы деп те аталады ҳәм оның өзине тән келип шығыў тарийхы, қолланыў өзгешеликлери бар.[1]

Көпшилик илимий-методикалық мийнетлерде «Ақлый ҳүжим» методы ҳаққында пикирлерди үйренип, талкылап улыўмаластырған ҳалда айтып өтсек, оның әдебият пәнинде қолланыўда негизги мақсет ҳәм күтилетуғын нәтийжеге ерисиўде үлкен әҳмийетке ийе.

Итибар каратсақ, мектеплерде каракалпақ әдебияты сабақларында «Ақлый ҳүжим» методын қолланыўды төмендегидей басқышларда әмел кылыў оның күтилген педагогикалық нәтийже бериўди тәмийнлейди:

1. **Таярлық ҳәм шөлкемлестириў.** «Ақлый ҳүжим» методында өтилетуғын сабақ басланбастан алдын оқыўшылар сабакта шешилиўи зәрүр болған машқала ҳаққында хабардар болыўы керек .Олар машкаланы үйрениў яки қандайда бир ўазыйпаны атқарыў туўралы ойланып көриўге имканият бериў керек.Сондай-ақ оқыў топарларындағы оқыўшылар киши топарларға бөлинип, топардың ҳәр ағзасы анық ўазыйпа менен тәмийнлениўи дәркар.

2. **Дәлиллерди излеп табыў.** Сабақта оқыўшлар шешиўи керек әдебий машқала анық ҳәм түсиникли болыўы ушын дәслепки әдебият сабағында оны алдыннан билдирилип ҳәм соған сәйкес ҳәр бир оқыўшы өз пухта пикирин дәлиллеў кереклиги ескертилип өтиледи.

3. **Дәслепки көнликпени пайда етиў шынығыўы.** «Ақлый ҳүжим» методы жәрдеминде машқала ны шешиўде оқыўшылардың руўхый ҳәм интеллектуал жақтан таярлаў ушын дәслепки шынығыў өткериў пайдалырақ. Бул шынығыў қойылған қойылған машқалаға қатнаслы болмаўы мүмкин.Ал, дәслепки көнликпе пайда етиўши шынығыўда оқыўшыларды «Ақлый ҳүжим» методының әмелге асырыў қандай болатуғылығы, оның тәртип-қағыйдалары қандай екенлиги ҳаққында тусиндирилип бериледи.

4. **Пикирлерди инабатқа алыў.** Бул басқышта шешилиўи нәзерде тутылған машқала бойынша оқыўшылардың пикирлер ҳүжими басланады ҳәм ҳәрекетке келеди. Қәлеген оқыўшы машқаланың шешими тийисли пикирди қәлеген ўақытта айтыў мүмкин. Әлбетте, әдебият сабағы барысында. Айтылған ҳәр бир пикир хаткерлер жазып алынады.Оқыўшылар өзлери билдирип атырған пикирлердиң дурыс яки надурыслығы, жақсы яки жаманлығына қорқаўы ушын төмендеги қағыйдалар тахтаға ямаса плакатқа жазып қойылады:

- Пикирлер кандай болыўына қарамастан, оларды **критикаламаў, баҳаламаў, мүнәсийбет билдирилмеў;**
- «Ақлый ҳүжим» методында **дурыс емес деген пикир болмайды**. Есине келген ҳәр қандай пикир ойланбастан айтылыўы керек. Базы да биймәни, ақылға туўры келмайтуғын пикирлерден пайдалы идеялар жүзеге келиўине себеп болыўы мүмкин;
- **Пикирлердиң саны жүдә әҳмийетли**. Оқыўшылар имканы барынша көп пикир билдириўи керек. Себеби, артықша пикирлерди қысқартырыў, жетпей қалған пикирлерди толықтырыўдан гөре аңсатлаў;
- **Пикирлерди алмастырыў, қойыў ҳәм жақсылаў лазым**. Ҳәммениң пикири жазып алынып, олар мақсетке муўапық тәризде жайластырылыўы, сараланыўы, редакторланыўы, анализ етилиўи керек;
- **Қәтержам болыў, заўықланыў дәркар**. «Ақлый ҳүжим» методы процесинде оқыўшылар ашыўланбастан, артықмаш ис-ҳәрекетлер қылмастан өзин еркин ҳәм интизамлы болыўы керек.Сонда ғана бул процесс қызықлы ҳәм мазмунлы болады. «Ақлый ҳүжим» методы қаншелли қызықлы болса,соншелли көп нәтийже келтиреди. Ойын руўхындагы қызықлы искерлик топарлар ишинде дослықты жүзеге келтирип, оқыўшылар бир-бирине жәрдем көрсетеди;

- **Базы да ойланып үндемей турыў да пайдалы.** Ойланып тым-тырыс отырған пикирсизликте айыпланбайды.Себеби, үйдемей турыа ойланып атырған адам қандайда бир пикирди айтып жибериўи мүмкин.

5. **Шешимин табыў.** Оқыўшылар «Ақлый ҳүжим»ге кирискеннен кейин белгиленген ўақыт өтип, оқытыўшы «ҳүжим»ды тоқтады ҳәм машқаланың шешимин табыў кереклигин ескертеди.Бул басқышта оқыўшылар топар хаткерлери жазып алған пикирлердиң қайсылары жарамлы екенлиги ҳаққында ойланады. Олар өзара мәслаҳатлесип, ортаға тасланған пикирлерди талкылап, керексиз дегенлерин өширип, жарамлы идеялар муғдарын қысқартып барады.Соңында бирнеше жүдә әҳмийетли қараслар қалады.Топар усыларға сүйенип, билим бериў машқаласының шешими бойынша өз жуўмақларын береди. «Ақлый ҳүжим» методының соңында барлық киши топарлардың жуўаплары презентация қылынғаннан соң педагог бул процесс қандай өткенлиги, машқала қаншелли дәрежеде шешилгенлиги ҳәм қайсы топарға не себептен қандай баҳа қойғанлығы туўралы айтып өтиледи ҳәм жуўмақ жасалады.

Мектеплерде 9-класта қарақалпақ әдебияты пәни бағдарламасында ҳәм соған сәйкес рәўиште әдебият сабаклығында жазыўшы Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақ дәстаны»трилогиясының 1-китабы, «Маман бий әпсанасы» атлы романын үзиндини үйрениў нәзерде тутылған (2-саат).[2]

Прозалық шығармаларды оқытыў хам үйрениўге бағдарланған әдебият сабағының екинши саатында педагог тәрепинен «Ақлый ҳүжим» методын нәтийжели колланыўғы болады. Сабақта оқытыўшы оқыўшыларды төрт топарларға бөлип, ҳәр бир топарға мынадай машқалалы сораў-тапсырмаларды береди.

1-топарға.«Жетим емен»деги мәжлис не себеп шөлкемлестириледи ҳәм әҳмийети неде?

2-топарға.Мәжлистеги ханның биринши: «Дүньяда көп пе яки қара пухара көп пе?» деген сораўға сизиң өзиниңдиң жуўабыңыз қандай болар еди?

3-топарға.Мәжлистеги ханның екинши: «Адамды не аздырады?» деген сораўға сизиң өзиниңдиң жуўабыңыз қандай болар еди?

4-топарға.Мәжлистеги ханның үшинши: «Адамдың дизгини неде?» деген сораўға сизиң өзиниңдиң жуўабыңыз қандай болар еди?яки педагог тәрепинен усы шығарма бойынша улыўмалық тәризде «Романда «Жетим емен»деги болып өткен Маманның өмиринде қандай из қалдырды?» деген сораў оқыўшыларға бериледи. Бунда оқытыўшы оқыўшылар менен қарым-қатнас алып барғанда олардың кеўил толғаныcларын ҳәрекетке келтире алатындай

қолайлы эмоционал орталықты пайда етиўи керек. Сораў-тапсырмалар оқыўшылар киши топарларда ислеп, өз жуўапларын береди. Педагог оқыўшылардың пикирлерин еситип болғаннан соң өз пикири менен толықтырады.

Мектеплерде әдебий билимлендириўде нәтийжели қолланыў мүмкин болган интерактив методлардан бири **зигзаг (жаўын қурты) методы**. Интерактив методтың бундай аталыўының себеби, онда түрли киши топарлардағы оқыўшылар ўақты-ўақты менен орын алмасып,бир-бирине өтип турады, материалды өзлестириў ҳәм жуўабын усыныс етиў туўралы өзара келисип алады. «Зигзаг» методында киши топарлардың ҳәр бир ағзасы номерленеди. Егер қайсы бир топарда бир ағза көп яки кем болса, сан да соған жараса артық ямаса кем болады. Оқыўшылардың номерлениўи оқытыўшы киши топарлардың ҳәр бири алдында орынланыўы лазым болған оқыў ўазыйпасын қойғаннан кейин санлар тийкарында мәслаҳат топарларын шөлкемлестиреди. Мәслаҳат топары алдына оқыў машкаласын дурыс шешиў ҳәм есте калатуғын дәрежеде усыныс етиў жолларын белгилеў ўазыйпасы қойылады. Мәслаҳатшилер өзара пикирлесип алғаннан соң өз топарларына қайтады.

«Зигзаг» методы төмендегидей бағдарда әмелге асырылады:

**1-басқыш**. Топар оқыўшылары өзлестирилиўи керек оқыў материалы логикалық бөлеклерге ажыратылады.

**2- басқыш**. Оқыўшылары киши топарларға бөлинеди ҳәм бир ағза сан менен номерленеди.

**3-басқыш**.оқыўшылар өзлестириўи керек болған материаллар бөлип бериледи.

**4-басқыш**. Киши топарлардың бир кыйлы сандағы окыўшылардан мәслаҳат топары дүзиледи. Мәслаҳат топары ағзалары материалды тереңрек үйрениў ҳәм жақсырақ усыныс қылыў келисип алады.

**5-басқыш**. Мәслаҳат топарындағы оқыўшылар өзлериниң негизги киши топарларына қайтып, олар оқыў материалын ҳәр бир оқыўшы тәрепинен толық өзлестирилиўин шөлкемлестиреди ҳәм қадағалап барады.

**6-басқыш**.Оқыўшылардың өзлестирилгенлик дәрежеси оқытыў тәрепинен тексериледи ҳәм баҳаланады.

Мектеплерде қарақалпақ әдебияты пәни оқыў бағдарламасында 9-класта жазыўшы Г.Есемуратованың «Дүўдендеги дәптер» повестин оқытыў көзде тутылған. Еки саатқа мөлшерленген әдебият сабағында бул повестти усы «Зигзаг» методы тийкарында үйрениў арқалы оқыўшылар сабақлықта берилген оқыў материалын толық өзлестириўи имканият жаратылады.

Негизинен алғанда, жазыўшы Г.Есемуратованың усы атамадағы повести композициялық жақтан «Дүўдендеги дәптер», «Биринши патефон», «Көк шайы көйлегим», «Жүзиў жарысы» атлы ҳ.т.б. бирнеше бөлимнен ибарат.

Бул повесть урыс дәўиринде көклей ержеткен балалардың өмири, турмысымызға жаңа енип атырған биринши патефон ўақыясы, жас өспирим қызлардың кийиўди әрман еткен көк шайы көйлеги ямаса урыс себепли питпей қалған ойыншық ўақыясы, және де бәрше халықтың әрман еткен жеңис темасы жазыўшының яд қәлбинде сақланып қалған өмир ҳәдийселери тийкарында дөретиледи.[3]

Әдебият сабағында муғаллим бул прозалық шығармаларды оқытыўда оқыўшыларды төрт яки бес топарларға бөлип, ҳәр бир топарға усы шығарманың ҳәр бир бөлиминиң көркем текстлерин береди ҳәм сол тийкарда оқыў тапсырмаларын береди. Оннан кейин оқыўшылардан мәслаҳат топарын дүзеди ҳәм оларға мынадай тапсырмаларды улыўмалық тәризде береди:

1.Жазыўшы бул шығармасында нени айтажақ, қандай ўақыялар сәўлеленген?

2.Шығармадағы образларды атап өтиң ҳәм оларға сыпатлама бериң.

3.Ондағы образларда биринен өзгешеленип туратуғын характерлер берилген деп ойлайсыз ба?

4.Шығарманың қайсы тәрепи яки болмаса қайсы қатарлары сизге унады?

5.Егер жазыўшы менен ушырасып қалсаңыз, усы шығармасы бойынша қандай сораў берген болар едиңиз?[4]

Мәслаҳат топарына педагог тәрепинен сораў-тапсырмаларды қалай орынлаў кереклиги түсиндирип береди, олар өзара мәслаҳатлеседи.Усы ўақытта басқа топар ағзалары ўақыттан үнемли пайдаланған ҳалда шығарманың көркем тексти менен танысып отырады ҳәм тапсырмаларды орынлаўға kириседи. Ал мәслаҳат топары ағзалары өз топарларының ишинде оларды бақлап, қадағалап отырады. Керек жерлеринде түсирип барады. Белгиленген ўақыт таўсылғаннан кейин ҳәр бир топар өз пикирлерин билдирип өтеди, презентация қылады. Жуўмағында, педогог тәрепинен өзи пикирлерин баян етеди ҳәм оларды баҳалайды.

Улыўмаластырып айтқанда, мектеплерде прозалық шығармаларды оқытыўда колланылатуғын оқытыўдың интерактив методлары мектеп әдебий билимлендириў мазмунының толық өзлестирилиўинде окыўшылардың өз-ара бир-бири ҳәм муғаллимлери биргеликте искерлик көрсетиўин шөлкемлестириў нәзерде тутылады. Бул методлар оқыўшылардың жеделлиги, еркин пикирлеўи, өз бетинше излениўи, өзлестирилетуғын мағлыўматларға

өзинше дөретиўшилик пенен қатнас жасаўға умтылдыратуғын усыллар дизбеги болып есапланады.

## ПАЙДАЛАНҒАН ӘДЕБИЯТЛАР

1. Ражабова И.Адабиёт дарсларини интерфаол усулларда ташкил этиш.Т..., «Тамаддун»2010,28-29-бетлер, Йулдошев Қ.Глобаллашаётган дунё ва ўқитишнинг интерфоал усуллари//Халқ таълими, 2007, 6-сан.
2. Мәмбетниязов Т, Бекбергенова З, Мәмбетниязова З.Әдебият.9-класс ушын сабақлық.-Н..,Билим, 2019.105-114-бетлер
3. Бекбергенова З.Жазыўшы ҳәм шеберлик.-Н.., Билим,2020, 56-бет
4. Мәмбетниязов Т, Бекбергенова З, Мәмбетниязова З.Әдебият.9-класс ушын сабақлық.-Н..,Билим, 2019.174-185-бетлер.